

GID POU PARAN YO POU LANG AK LITERATI ANGLÈ KLAS 3YÈM ANE

Preparasyon Timoun Florida Pou yo Gen Yon Bèl Avni



Tout timoun Florida merite diplome nan lekòl segondè avèk konesans ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè yo chwazi ak nan lavi yo. Nan anpil ane ki sot pase yo, Florida te fè gwo pwogrè akademik. Men, nou konnen mache travay jodi a egzije elèv diplome nou yo pou yo gen pi bon panse kritik, pi bon ladrès pou yo rezoud pwoblèm ak pi bon ladrès pou yo kominike pase anvan. Prensip siperyè ki ankouraje ak motive elèv nou yo enpòtan.

Pou satisfè bezwen sa a, dirijan edikasyon nan eta Florida te amelyore prensip pou matyè akademik nou yo, pou yo kreye nouvo egzijans pou sa elèv yo bezwen konnen ak kapab fè. Prensip Florida yo la pou asire TOUT elèv yo reyalize pi gwo potansyèl yo—kèlkeswa sa chemen an ka ye.

Preparasyon pitit ou pou li reyisi kòmanse nan klas matènèl epi li kontinye pandan pitit ou ap vanse nan chak klas. Gid sa a ap sipòte paran ak fanmi ki gen timoun ki nan **klas twazyèm ane**. Pou fè sa, gid la ap ede ou:

- **Aprann** Prensip Florida yo ak rezon ki fè yo enpòtan pou pitit ou.
- **Pale** avèk pwofesè pitit ou sou sa pitit ou ap aprann nan salklas la.
- **Sipòte** aprantisaj pitit ou nan fason pratik lakay ou.

APRANN PRENSIP YO

Elèv Florida yo ap kontinye pratike anpil menm bagay yo te aprann nan klas twazyèm ane—ansanm avèk kèk ladrès siplemantè enpòtan. Elèv **klas twazyèm ane** yo ap aprann kalite lesyon sa yo:

- Poze epi reponn kesyon pou montre kijan yo konprann tèks, ki bay yo referans fòmèl nan tèks kòm baz pou repons yo.
- Distenge pwendvi yo nan pa naratè a ak pèsonaj yo.
- Eksplike kijan ilistrasyon tèks la kontribiye nan mo ki nan yon istwa.



Chak timoun devlope nan ritm pa li. Aktivite ki nan gid sa a se gid ki rekòmande pou laj espesyal pou lespri jèn timoun k ap grandi.



- Li avèk presizyon ak konpetans ki ase pou sipòte sa yo konprann nan.
- Ekri opinyon sou sijè oswa tèks yo, pou sipòte yon pwendvi avèk rezon.



Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè pou Klas 3yèm Ane sou sitwèb www.flstandards.org

#FLStandards
Antre nan konvèrsasyon an



Kreyasyon: Depatman Edikasyon Florida (Florida Department of Education)

PALE AVÈK PWOFESÈ PITIT OU



Sonje, ou se premye pwofesè pitit ou epi w ap toujou pwofesè ki pi enpòtan an pou pitit ou. Reflechi sou yon rankont kòm yon "reyinyon ekip" kote w ap dekouvri kontribisyon espesyal nou chak kapab pote pou siksè elèv klas twazyèm ane ou.

Mande pwofesè a kèk egzanp materyèl lekti ki kapab sipòte aprantisaj la. Ansanm avèk pitit ou, gade yon egzanp yon bagay pitit ou te ekri. Mande pwofesè a kisa travay la di sou kòmansman pitit ou nan vwayaj pou li vin yon lektè ak komunikatè ki gen konfyans nan tèt li.

SIPÒTE APRANTISAJ LA LAKAY OU

Ou kapab ankouraje pitit ou aprann lang ak literati anglè lakay ou nan fason ki amizan pou ou ak pitit ou. Eseye lide sa yo apre lekòl, nan jou wiken epi pandan vakans lete.



Lè w ap vwayaje ansanm avèk pitit ou, mande pitit ou pou l li awotvwa pou ou tout kalite pano yo, gwo pano yo, mo ki sou kamyon yo ak kamyonèt yo ak lòt enfòmasyon enprime ou wè yo.



Ankouraje pitit ou pou li itilize charyo liv yo pou li fè yon premye chwa, yon dezyèm chwa ak yon twazyèm chwa pou li. Mande pitit ou pou li di ou pou kisa ak kijan chak videoyo te fè yon liv sonnen enteresan. Ale nan bibliyotèk la pou prete epi li liv chwa prensipal sa yo.



Lè w ap chwazi televizyon, videoyo oswa jwèt, ale nan pwogram oswa film ki baze sou liv pitit ou te li yo. Siveye li ansanm avèk pitit ou, epi answit, pale sou fason vèsyon yo sanble ak diferan.



Chwazi yon istwa enteresan ki apwopriye pou laj pitit ou nan yon jounal oswa nan sous bilten nouvèl sou entènèt. Mande pitit ou pou l li istwa a awotvwa epi answit pou li fè rezime a pou ou.



Ankouraje pitit ou pou li kreye pwòp kat anivèsè nesans li, kat pou swete gerizon vit, kat sezon fèt ak kat remèsiman, pou li pratike pi bon ladrès ekri alamen li.



Fè kourye-dechè yo tounen materyèl. Mande pitit ou pou fè wonn oswa make prefiks yo ak sifiks yo avèk yon makè.



Ale souvan nan bibliyotèk publik lokal ou. Kite li wè w ap chwazi liv, kite li wè w ap prete liv epi kite li wè ou renmen liv.



Kòmanse yon klib liv fanmi.



Bay okazyon pou pitit ou komunikey avèk teknoloji.

Pale avèk pwofesè pitit oswa avèk direktè lekòl li pou ou aprann pi gwo lide pou sipòte aprantisaj li lakay ou.

Telechaje Prensip Florida pou Lang ak Literati Anglè ak lòt resous pou paran yo sou sitwèb www.flstandards.org

Ou gen kesyon? Kontakte JustforParents@fldoe.org